

Pou Piblikasyon Imedya: 29/05/2019

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

## GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE BIWO SÈVIS DEVLOPMAN KOMINOTÈ KONFESYONÈL LA AP ÒGANIZE PREMYE SOUPE IFTAR ETA A

Jodi a, Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse ke Biwo Sèvis Devlopman Kominotè Konfesyonèl la (Office of Faith-Based Community Development Services) ap òganize premye soupe Iftar Eta a pou selebre mwa Ramadan Mizilman an. Iftar se manje soupe Mizilman yo manje pou mete fen nan jèn yo fè lajounen jiska kouche solèy pandan peryòd Ramadan, ki se selebrasyon fèt Eid al-Fitr la k ap make fen Ramadan semèn pwochèn. Se premye soupe Iftar yon administrasyon gouvènè ap òganize nan Eta New York.

"Mwa sen Ramadan an se yon moman pou adopte prensip Mizilman yo ki se lapè, imilite, charite ak lafwa, epi selebrasyon premye soupe Iftar Eta a se yon fason enpòtan pou tout Nouyòkè rasanble ansanm epi montre nasyon an ke nou kanpe ini fas a peryòd ogmantasyon laèn sa a", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Byenke y ap simaye entolerans ak laèn toupatou nan nasyon nou an, li pi enpòtan pase jamè pou n sonje prensip inyon ak tolerans nou yo epi pou nou rejte islamofobi, rasis, ak diskriminasyon sou tout fòm yo. Pa gen okenn konpwomi nan sijè sa a epi pa gen okenn pozisyon modere - nou pa gen espas pou laèn nan eta nou an."

"Soupe Iftar aswè a se yon moman enpòtan nan listwa Eta nou an - pou nou mete ansanm ak Mizilman yo epi onore mwa sen Ramadan an", **Gouvènè Adjwen Kathy Hochul, k ap pran lapawòl pandan soupe a, te deklare.** "Nan New York, nou akeyi divèsite nou an ak prensip pataje nou yo de bra louvri, epi enklizyon se fòs nou. Kounye a plis pase jamè nou dwe kontinye rejte laèn ak efò k ap fèt pou divize nou yo epi nou dwe mete ansanm pou nou sipòte dwa ak pwoteksyon tout Nouyòkè."

**Direktè Egzektif ak Komisè Adjwen Biwo Sèvis Devlopman Kominotè Konfesyonèl Gouvènè a, Karim Camara te deklare,** "Aswè a se yon trè grand okazyon pou Eta New York pandan n ap selebre premye soupe Iftar ke yon administrasyon ap òganize nan eta nou an. Pandan n ap rasanble pou nou priye ak mete fen nan peryòd jèn lan ansanm, annou reflechi sou prensip ak tradisyon nou yo epi itilize selebrasyon sa a kòm yon opòtinite pou n preche tolerans ak akseptans nan yon moman kote laèn ap detwi nasyon nou an. Mwen fyè paske Biwo Sèvis Devlopman Kominotè Konfesyonèl la ap òganize soupe sa a, epi mwen swete li pral ankouraje tout Nouyòkè yo aprann plis sou tradisyon Islam yo."

Gen apeprè 3.45 milyon Mizilman k ap viv aktyèlman nan Etazini, epi 22.3 pousan Mizilman ki Etazini yo ap viv nan Vil New York. Kominote Mizilman ap ogmante byen rapid epi apati 2040, Islam pral dezyèm relijyon yo plis pratike nan Etazini. New York gen plis mòsk tou pase tout lòt eta a, yo lajman konsantre nan Vil New York.

Pandan tout dire manda li a, Gouvènè Cuomo te rete yon lidè nasyonal nan defans dwa egal epi li te reyalize plizyè inisyativ ki ankou pou konbat prejije ak diskriminasyon. An 2016, Gouvènè a te kreye premye Gwoup Travay kont Krim Laèn (Hate Crimes Task Force) Eta New York la ki gen 120 anketè ki resevwa fòmasyon sou krim prejije anndan Lapolis Eta a pou fè ankèt epi ofri lòt jans fòs lapolis k ap afè ankèt sou krim laèn potansyèl yo asistans. An 2017, Gouvènè Cuomo te anonse fòmasyon yon nouvo Konsèy Konsiltatif Entèreljiye (Interfaith Advisory Council) pou ede atenn yon nivo konpreyansyon ak tolerans ki pi apwofondi sou tout relijyon ak kilti yo, pwomouvwa espri ouvè ak enklizivite, epi ranfòse efò eta ap fè pou pwoteje tout Nouyòkè yo. Konsèy la gen ladan lidè kominote Mizilman yo ki soti toupatou nan Eta a pami yo, Abdul-Rahman Yaki ki soti nan Sant Islamik Distri Kapital la, ki pral selebran relijiye k ap dirije soupe Iftar aswè a.

Nan Eta New York, kantite krim laèn yo te ogmante 19 pousan an 2016, men yo te redui 7 pousan an 2017 ak 6 pousan an 2018 alaswit mezi Gouvènè a kontinye pran pou konbat prejije ak diskriminasyon. Ensidan islamofob nan New York yo te desann tou soti 41 pousan an 2016 rive 26 pousan an 2017 ak 18 pousan an 2018, ki se yon rediksyon plis pase 55 pousan. Jis ane sa sèlman, te gen plizyè ensidan Islamofobi nan Eta a, ki gen ladan jou 23 Janvyè a lè fòs lapolis nan Greece, New York yo te anpeche yon atak teworis kont kominote Mizilman Islamberg la nan Konte Delaware.

###

Lòt nouvèl disponib sou sitwèb [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)